



Pou Biblikasyon Imedya: 16/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOGRÈ NAN APLIKASYON ENÈJI RENOUVELAB NAN KAD PLAN AKSYON 10 PWEN AN

Demann pou pwopozisyon pou pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot ak pwojè enèji renouvlab tèrè s yo dwe pibiye 30 novanm 2023, ak òf k ap bout an janvye 2024

Sipòte pwogrè nan direksyon pou atenn objektif Lwa Sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a orè pou demann enèji renouvlab ewolyèn olaj zòn kot ak tèrè s akselere nan kad [Plan Aksyon 10 Pwen New York la](#) pou elaji endistri renouvlab a gran echèl li a k ap pwospere a. Pwochen demann pou pwopozisyon yo pral pibiye 30 novanm 2023, ak òf k ap bout an janvye 2024. Demann sa yo sipòte pwogrè Eta nan direksyon pou reyalize objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) New York la pou jwenn 70 poustan elektrisite New York ki soti nan sous renouvlab yo disi 2030 epi devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn olaj zòn kot disi 2035

"Pou New York kontinye rete yon lidè klimatik, nou dwe pwoaktif nan abòde defi akoutèm ki afekte endistri enèji pwòp la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou rete angaje nan alimante eta nou an ak elektrisite abòdab, zewo emisyon epi ki fyab. Divilgasyon pwosesis demann akselere ak konpetitif sa a demonstre angajman nou pou asire New York rete kote pou endistri enèji renouvlab fè biznis."

Atravè demann sa yo, Eta New York vize kenbe rit ak reyalizasyon objektif Lwa Klimatik New York yo. Pwojè ki te deja fè yon petisyon bay Komisyon Sèvis Biblik (Public Service Commission, PSC) Eta New York la pou èd finansyè ka chwazi pou yo patisipe, menmsi demann lan pral mete aksan sou konpetisyon ant pwojè sa yo ak lòt pwojè yo, pou asire entegrite pwosesis la ak pi bon valè pou konsomatè elektrisite New York yo.

Demann pou Enèji Ewolyèn sou Zòn Kòt yo:

Pou demann enèji ewolyèn sou zòn kot yo, pwopozisyon final yo pral bout 25 janvye 2024, ak anons prim yo prevwa nan fen fevriye 2024.

Gen plis enfòmasyon konsènan pwojè enèji ewolyèn sou zòn kot ki egziste deja ki disponib sou [sit entènèt](#) NYSERDA a.

Demand enèji renouvlab tèrè

Pou demann enèji renouvlab tèrè la, pwosesis pou soumèt pwopozisyon yo pral fèt an de etap, ak premye etap la (kondisyon pou elijiblite) ki bout 21 desanm 2023, epi dezyèm etap la (pwopozisyon final yo) bout 31 janvye 2024. Yo prevwa prim anons yo nan fen avril 2024.

Gen plis enfòmasyon konsènan pwojè enèji renouvlab sou tèrè ki egziste ki disponib sou [sit entènèt](#) NYSERDA a.

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA a, te

deklare, "Atravè demann akselere sa yo ki bay alè, NYSERDA kontinye adapte ak kondisyon k ap chanje sou mache a pou fasilitate rit deplwaman endistri enèji renouvlab yo nan New York. Demand konpetitif sa yo reprezante yon opòtinite pou fè pwojè enèji renouvlab New York yo alimante youn ak lòt ak mache a nan yon sans ki pi laj, nan siveyans pou atenn objektif Lwa Klimatik nou yo a yon pri abòdab pou konsomatè yo."

Demann akselere sa yo pral bati sou momantòm ki te etabli pa [anons](#) Gouvènè a mwa pase a sou pi gwo envestisman eta a nan enèji renouvlab nan istwa Etazini. Prim kondisyonèl yo te gen ladan twa pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot ak 22 pwojè enèji renouvlab tèrè a ki totalize 6.4 jigawat enèji pwòp, sa ki ase pou alimante 2.6 milyon kay New York epi sèvi apeprè 12 pousan bezwen elektrisite New York yon fwa yo fini. Lè yo makonnen ak de enstalasyon fabrikasyon lam ak nasèl enèji ewolyèn olaj zòn kot, nouvo faz pwojè New York ki akòde yo prevwa kreye apeprè 8,300 djòb pou soutni fanmi yo epi ankouraje 20 milya dola nan envèstisman devlopman ekonomik nan tout eta a, ki gen ladan envestisman ke devlopè angaje pou sipòte kominote defavorize yo.

Plan Klimatik Nasional Eta New York ki Alatèt Peyi a

Ajanda klimatik Eta New York la ki se lidè nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj envestisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. New York, ki oryante pa kèk nan inisyativ klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, sou pwen pou reyalize yon sektè enèji zewo emisyon vè 2040, ki enkli 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwatye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se envestisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 55 milya dola nan 145 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Envestisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2021 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk apeprè 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak 100 Kominote

ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov

Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)